

Enstriksyon pou Sant Evalyasyon IBR :

930 Willowbrook Rd.,
Building D/28
Staten Island, NY 10314

Sòti nan North Shore:

Sòti nan Staten Island Expwy., nan direksyon lwès, pran sòti Bradley Ave. epi kontinye rive Woolley Ave. Vire agoch sou Woolley. Ale nan sid sou Woolley Ave. ale nan Willowbrook Rd. Vire adwat, ale nan pòt la nan 930 Willowbrook Rd.
Vire agoch, ale nan pòt la, rete agoch jiskaske premye siy stop la. Vire agoch epi kontinye nan Batiman D sou bò dwat ou (Batiman Syans Konpòtman).

Sòti nan Staten Island Expwy., nan direksyon lès, pran Victory Blvd. sòti epi vire agoch nan limyè trafik yo. Ale pase antre College of Staten Island epi vire adwat sou wout sèvis la pou Expwy. (Avenue S. Gannon). Pran dezyèm adwat sou Willowbrook Rd. epi ale nan pòtay ki sou bò dwat ou nan 930 Willowbrook Rd. Ale nan pòt la epi swiv direksyon ki anwo yo.

Sòti nan South Shore:

Pran Richmond Avenue North; vire adwat sou Forest Hill Rd. (Cosco). Kontinye Willowbrook Road. Vire a goch sou Willowbrook Rd., aprè sa a goch nan baryè a nan 930 Willowbrook Rd., epi swiv direksyon ki anwo yo.



Institute for Basic Research in
Developmental Disabilities (IBR)

IBR Behavioral Sciences
Building 930 Willowbrook Rd.,
Building d/28 Staten Island, NY
10314



Institute for Basic Research in
Developmental Disabilities (IBR)



**Sant Evalyasyon
Entèvansyon Bonè IBR**




(718) 494-5361 | NY Relay System 711
www.opwdd.ny.gov/ibr



**Office for People With
Developmental Disabilities**

A Division of the NYS Office for People
With Developmental Disabilities (OPWDD)

Sant Evalyasyon Entèvansyon Prematire IBR



Konsènan Sant lan

Sant Evalyasyon Entèvansyon prematire Enstiti Eta Nouyòk la pou Rechèch Debaz (IBR) espesyalize nan evalyasyon konplè ki baze sou sant pou tibebe ki fenk fèt, tibebe, ak timoun piti depi yo fèt a laj twazan.

Pwogram Sant IBR bay evalyasyon devlopman, ki gen ladan l evalyasyon nan domèn sa yo:

- Devlopman koyitif (panse, memwa ak rezoud pwoblèm)
- Devlopman lapawòl ak langaj
- Devlopman motè
- Devlopman sosyal ak emosyonèl
- Adaptasyon Konpòtman
- Pwosesis sansoryèl

Espesyalite nou yo

Nou bay yon evalyasyon trè espesyalize ki te devlope pou ti bebe ki gen gwo risk depi nesans jiska yon mwa epi ki kapab bay enfòmasyon devlopman bonè pou asire entwodiksyon entèvansyon an pi bonè posib.

IBR tou gen anpil eksperyans nan tès depistaj otis ak evalyasyon dyagnostik.

Kalifikasyon evalyatè yo

Tout evalyatè nou yo gen lisans Eta, lisansye ak/oswa sètifye dapre règleman Eta Nouyòk la

epi yo gen kontra avèk Vil Nouyòk. Ekip nou an gen anpil ane eksperyans nan evalye tibebe ki fenk fèt, tibebe ak timoun piti ki an risk oswa ki gen reta nan devlopman oswa andikap.

Elijibilite pou Sèvis

Elijibilite pou sèvis entèvansyon prematire se evalyatè nou yo ki gen lisans eta a ki sou kontra avèk Vil Nouyòk la. Sant nou an pral travay avèk Biwo Entèvansyon Prematire Vil Nouyòk ak fanmi an pou devlope yon plan sèvis ki pi byen satisfè bezwen timoun nan. Tout sèvis yo dwe otorize pa Biwo Entèvansyon prematire Vil Nouyòk, ki pral fè aranjman pou founisè sèvis yo bay pitit ou a sèvis.

Si yo ofri sèvis entèvansyon prematire nan anvivònman gadri oswa kote kominotè ki mande yon frè, paran an responsab pou peye tout depans ki asosye ak aksè nan sèvis gadri oswa lokal kominote a.

Referans

Pou mande yon evalyasyon entèvansyon prematire, rele Pwogram Entèvansyon prematire Vil Nouyòk nan minisipalite kote w abite a, oswa rele 311.

Staten Island	718-420-5350
Brooklyn:	718-722-2998
Manhattan:	212-487-7071
Queens:	718-271-6114
Bronx:	718-410-4504

• Tout evalyasyon yo bay paran yo gratis, men minisipalite a kapab jwenn aksè nan asirans sante fanmi/timoun an pou ranbousman.

• Depatman Sante Eta Nouyòk apwouve Sant Entèvansyon prematire IBR epi li anba kontra avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk la.

• Pwogram Entèvansyon Prematire Vil Nouyòk la se yon pwogram piblik ki finanse pa Eta Nouyòk la ak gouvènman konte a.

